

**2023 TAX ROLL OPEN FOR COLLECTION**

Sezon Taks 2023 Konte Miami-Dade la ouvè pou rekouvreman. Yo evalye Taks Imobilye ak Taks sou Pwopriyete Pèsònèl Tanjib yo depi 1ye janvyè rive 31 desanm, yap vin peyab 1ye novanm.

**EKONOMIZE MAKSIMÒM NAN TAKS SOU PWOPRIYETE W**

Ekonomize 4% si ou peye jiska 30 novanm 2023

Ekonomize 3% si ou peye jiska 31 desanm 2023

Ekonomize 2% si ou peye jiska 31 janvyè 2024

Ekonomize 1% si ou peye jiska 29 fevriye 2024

Pa gen rabè si ou peye nan mwa mas

Si peryòd rabè a fini yon jou samdi, yon jou dimanch, oswa yon jou ferye legal, dat echeyans peman an va pwolonje jiska pwochen jou ouvrab la, si ou peye anliy nan [miamidade.gov/taxcollector](http://miamidade.gov/taxcollector) oswa an pèsòn.

**Taks sou Pwopriyete ap vin aryere 1ye avril 2024**

Si taks sou pwopriyete yo pa peye, sa va lakòz enterè, frè, ak penalite adisyonèl epi sa ka lakòz mèt pwopriyete pèdi pwopriyete li.

**Li fasil pou w peye taks ou**

- Peye anliy avèk yon chèk elektwonik oswa kat kredi nan [miamidade.gov/taxcollector](http://miamidade.gov/taxcollector)  
(Kont ki an fayit/litij pa kab peye anliy)
- Pa lapòs - Yo detèmine rabè pou peman ki fèt pa lapòs daprè so dat lapòs la, si sa aplikab
- Peye an pèsòn

Fè peman ou an lajan ameriken ki soti nan yon bank ameriken, peyab pou:

**Miami-Dade Office of the Tax Collector**

200 NW 2nd Avenue

Miami, FL 33128

Enskri pou w ka resewva fakti taks alavni pa imel, aplike anliy nan [miamidade.county-taxes.com](http://miamidade.county-taxes.com)

Pou orè biwo, metòd peman oswa enfòmasyon adisyonèl, rele 305-270-4916 oswa vizite [miamidade.gov/taxcollector](http://miamidade.gov/taxcollector)

**BIWO PÈSEPTÈ TAKS MIAMI-DADE**

Peter Cam, Pèseptè Taks